



# Miami-Dade County Public Schools

*giving our students the world*

## **Superintendent of Schools**

*Dr. Jose L. Dotres*

## **Miami-Dade County School Board**

*Mari Tere Rojas, Chair  
Danny Espino, Vice Chair*

*Roberto J. Alonso  
Lucia Baez-Geller*

*Dr. Dorothy Bendross-Mindingall*

*Mary Blanco*

*Monica Colucci*

*Dr. Steve Gallon III*

*Luisa Santos*

7 out 2023

Chè paran Lakeview,

Byenvini tounen nan yon nouvo ane lekòl! Nou espere lèt sa a jwenn ou pare pou yon ane enteresan. Tèm nou pou ane sa a se "An Nou Monte Pi Wo!," e nou kontan anpil pou nou angaje ou menm ak pitit ou nan yon ane lekòl enteresan.

Nan Lakeview Elementary School, nou kwè nan ede chak elèv avanse potansyèl li. Avèk tèm "An Nou Monte Pi Wo!," nou vize pou enspire chak elèv pou yo reve gwo, fikse objektif, ak fè efò pou yo atenn ekselans nan tout domèn nan lavi yo. Pandan tout ane a, nap ankouraje pitit ou a pou l eksplòre nouvo pasyon, monte konesans li nan domèn akademik, epi devlope ladrès sosyal ak emosyonèl enpòtan. Nou gen yon ekip pwofese devwe ki angaje pou bay pitit ou a yon anviwònman aprantisaj ankourajan ak enteresan.

Pandan n ap antre nan vwayaj sa a ansanm, nou ankouraje w, kòm paran, pou w patisipe aktivman nan edikasyon pitit ou a. Patisipasyon w se kle nan siksè yo. Nou pral òganize divès evènman ak atelye pandan tout ane a pou kenbe w enfòm ak ankouraje yon patenarya solid lekòl-lakay.

Nou kontan tou pou nou prezante nouvo pwogram ak inisyativ ki pral amelyore eksperyans edikasyonèl pitit ou a. Lekòl nou an te jwenn deziyasyon Gold nan ane 2022-2023 pou elèv nou yo ki ekselan nan aktivite STEM ki enplike entegrasyon (Syans, Teknoloji, Jeni ak konpetans Matematik. Nou gen konfyans, si nou kontinye travay ansanm, nou ka ede pitit ou a monte nan yon lòt nivo akademik, sosyalman, ak emosyonèlman. Nou envite kole tèt ak nou nan vwayaj enkwayab sa a pandan tout ane a.

Tanpri pa ezite kontakte nou si w gen nenpòt kesyon, enkyetid, oswa sijesyon. Pòt nou toujou louvri, epi nou apresye opinyon w pou asire siksè pitit ou a.

Mèsi paske ou konfye nou edikasyon pitit ou a. Se yon lonè pou nou fè pati eksperyans edikatif pitit ou. Nou promet ou nap travay di pou yo monte nan yon lòt nivo ane sa a!

Avèk apresyasyon,

Dr Marie R. Bleus,  
Direktris

*Lakeview Elementary School • 1290 N.W. 115<sup>th</sup> Street • Miami, Florida 33167*

*305-757-1535 • [www.lakeviewelementary.net](http://www.lakeviewelementary.net)*

*Follow us on Twitter: @LakeviewMDCPS, Instagram: @lakeviewelem*